



Videyo Komisarya an Ayiti

2023-21-FB-MR

Rezime

Konsèy Siveyans lan te anile desizyon Meta pran pou l retire yon videyo sou Facebook ki montre deseri moun k ap antre nan yon komisarya an Ayiti, k ap tante antre anndan yon pyès kote genyen yon moun yo akize ki se manm yon gang epi yo t ap menase fè vyolans. Konsèy la jwenn ke videyo a te vyole règleman sou Vyolans ak Ensitasyon konpayi a. Sepandan, majorite Konsèy la pa dakò ak evalyasyon Meta sou tolerans pou kontni kap fè aktyalite ki aplike nan dosye sa a. Pou majorite konsèy la, reta prèske twa semèn Meta te pran pou l te retire kontni an te vle di risk pou fè mal la te diminye anpil pou yo ta aplike yon tolerans pou kontni kap fè aktyalite. Anplis, Konsèy la rekòmande pou Meta evalye efikasite ak rapidite repons li bay pou kontni ki transmèt pa mwayen pwogram Patnè Konfyans (Trusted Partner) lan.

Konsènan Dosye a

An me 2023, yon itilizatè Facebook te pibliye yon videyo ki montre deseri moun an sivil k ap antre nan yon komisarya, k ap tante kase pou antre nan yon pyès ki te genyen yon nonm – ke yo sispek ki se manm yon gang, daprè Meta – epi yo t ap di byen fò "nou pral kase kadna a" ak "yo deja mouri". Bò fen videyo a, yon moun te rele "bwa kale nan boudaw," ke Meta entèprete kòm gwoup la ap mande pou "fè moun lan rann kont nan estil 'bwa kale' – pou eksplike pi klè, pou yo tiye li". Meta te entèprete "bwa kale" tou kòm referans a yon mouvman sivil an Ayiti kote moun pran desizyon pou bay tèt yo jistik. Yo te poste videyo a ak yon soutit an Kreyòl Ayisyen ki gen deklarasyon "lapolis pa ka fè anyen" ladan. Yo te wè pos la anviwon 500 000 fwa epi yo te wè videyo a anviwon 200 000 fwa.

Ayiti ap travèse ensekirite san parèy, kote gang yo pran kontwòl tèritwa epi y ap teworize popilasyon. Piske lapolis pa kapab reponn a vyolans lan epi, nan kèk ka yo di yo menm konplis, yon mouvman te pran pye kote yo te wè "moun ak gwoup milis nan zòn yo [te] tiye plis pase 350 moun" nan yon peryòd kat mwa ane sa a, daprè Wo



Komisè Dwa Moun Nasyon Zini an. Kòm repons, gang yo te pran revanj kont sila yo kwè ki anndan mouvman an oswa ki senpatize ak mouvman an.

Yon Patnè Konfyans te mete Meta okouran de videoyo a kòmsi l ta ka vyole règleman, 11 jou apre yo te poste li, kote patnè a te avèti kontni an ta ka ankouraje plis vyolans. Pwogram Patnè Konfyans Meta a se yon rezo ki plen òganizasyon non-gouvènmantal, ajan imanitè ak chèchè nan zafè dwa moun ki soti nan 113 peyi. Meta te di Konsèy la ke "tank gen pi gwo nivo risk [pou vyolans nan yon peyi], tank se yon pi gwo priorite pou devlope relasyon avèk Patnè Konfyans yo", ki ka rapòte kontni bay konpayi a. Anviwon uit jou apre Patnè Konfyans nou an te fè rapò nan dosye sa a, Meta te detèmine videoyo a te gen ladan alafwa yon deklarasyon entansyon pou fè vyolans ak yon apèl pou vyolans pi grav kidonk yo te retire kontni an sou Facebook. Meta te refere dosye sa a bay Konsèy la pou yo reponn a kesyon moderasyon difisil kontni an te soulve an rapò ak mouvman "Bwa Kale" a an Ayiti. Meta pat aplike tolerans pou kontni kap fè aktyalite li an paske konpayi an te jwenn risk pou fè mal la te wo epi li depase valè enterè piblik pos la prezante, etan done tandans reprezay ak lanmò vyolan an Ayiti.

Konstatasyon Prensipal yo

Konsèy la jwenn kontni an te vyole Estanda Kont Vyolans ak Ensitasyon Vyolans nan Kominote Facebook la paske te genyen yon menas kredib pou fè mal ak moun ki nan prizon ansanm ak lòt moun. Men, majorite Konsèy la pa dakò ak evalyasyon Meta sou tolerans pou kontni kap fè aktyalite ki aplike nan dosye sa a. Etan done reta prèske twa semèn ant lè pos la te afiche ak aplikasyon règleman an, Meta te dwe aplike tolerans pou kontni kap fè aktyalite li an sou kontni an, pandan Konsèy lan ap konkli sou risk pou fè mal ak enterè piblik ki enplike nan nenpòt analiz sou enterè medyatik ki ta dwe analyze nan lè Meta anvizaje aplike nenpòt tolerans, olye de lè yo poste kontni an. Konsèy la jwenn ke Meta ta dwe mete langaj ki esklike tolerans pou kontni kap fè aktyalite li ajou pou fè l pi klè pou itilizatè li yo.

Pou majorite Manm Konsèy la, reta prèske twa semèn Meta te pran pou l te retire kontni an te vle di risk pou fè mal la te diminye anpil pou yo ta aplike yon tolerans pou kontni kap fè aktyalite. Gwoup sa a te konsidere kontèks lan an Ayiti, etandi ak pòte pos la, ak pwobablite pou fè mal etandone reta nan aplikasyon règleman. Nan moman



sa, lè yo te gentan wè videoyo a 200 000 fwa, risk kontni an te poze a te deja gen chans materyalize. Anplis, nan yon sitiyasyon vyolans pwolonje toupatou ak lòd piblik ki tèt anba, pataj enfòmasyon vin menm pi enpòtan ankò pou bay kominote yo chans pou yo reyaji fas a evènman yo, kote videoyo a ka potansyèlman enfòme moun an Ayiti tankou aletranje sou reyalite yo an Ayiti.

Sepandan, yon minorite Manm Konsèy la jwenn Meta te gen rezon pou l pa aplike règleman sou tolerans lan. Piske yo te poste kontni an pandan yon peryòd ki gen anpil risk, menas pou videoyo a lakoz plis vyolans ak reprezay la pa te pase lè Meta te egzamine kontni an. Manm Konsèy sa yo konsidere li te nesesè pou yo retire videoyo a pou ka reponn a risk sa yo.

Konsèy la enkyè Meta pa gen ase kapasite pou l modere kontni pou Ayiti nan yon delè apwopriye pandan peryòd anpil risk sa a. Reta a nan dosye sa a sanble rive akoz konpayi a pa te reyisi envesti ase resous nan moderasyon kontni an Ayiti. Meta pa te an mezi pou l fè yon evalyasyon nan yon delè apwopriye sou rapò Patnè Konfyans lan te fè a. Rapò Patnè Konfyans yo fè yo se youn nan zouti prensipal Meta depann pou idantifye vyolasyon potansyèl règleman kontni an Ayiti. Yon rapò yon Patnè Konfyans te fè resaman te konkli Meta pa mete ase resous disponib pou pwòp ekip li yo revize kontni Patnè Konfyans yo idantifye epi gen anpil iregilarite nan delè repons yo.

Pou fini, Konsèy la note ke Meta pa te reyisi aktive Pwotokòl Règleman pou Kriz la an Ayiti. Byenke Meta te di Konsèy la li te deja gen mezi pou redui risk an plas yo, Konsèy la enkyè ke reta byen long ki te rive nan dosye sa a endike mezi ki egziste yo pa ase. Si konpayi a pa te reyisi itilize pwotokòl sa a nan sitiyasyon sa yo, li p ap ka fè moderasyon ki fonde nan delè apwopriye, sa k ap afebli kapasite konpayi a ak popilasyon an pou yo evalye efikasite pwotokòl la pou l rive atenn objektif li.

Desizyon Konsèy Siveyans lan

Konsèy Siveyans lan te anile desizyon Meta te pran pou l retire kontni an, epi egzije pou yo repibliye pos la.

Konsèy la rekòmande pou Meta:



- Evalye rapidite ak efikasite repons li bay kontni pwogram Patnè Konfyans lan transmèt, pou reponn a risk pou fè mal patikilyèman kote Meta pa gen okenn oswa pa gen ase zouti moderasyon pwoaktif pou idantifye ak evalye kontni.
- Konsèy la te pwofite opòtinite sa a pou raple Meta de yon rekòmandasyon yo te fè anvan, nan dosye Powsèm Ris (Russian Poem) lan, ki te mande pou konpayi a rann piblik yon eksepsyon nan règleman sou Vyolans ak Ensitasyon li an. Eksepsyon sa a otorize kontni ki "kondane oswa sansibilize kont vyolans," men Meta dwe oblige itilizatè a di klè ke li ap poste kontni an pou youn nan de rezon sa yo.

*Rezime dosye sa yo bay yon apèsi sou dosye a epi yo pa gen valè jirispridans.